



Pou Piblikasyon Imedya: 28/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN MITAN PANDEMI COVID-19 LA, GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE YON DEKRÈ EGZEKITIF KI RANVWAYE ELEKSYON PRIMÈ PREZIDANSYÈL NEW YORK LA POU 23 JEN

Li pibliye yon Dekrè Egzekitif pou pèmèt ranvwaye delè pou fè deklarasyon taks pou moun ak konpayi yo pou 15 jiyè

Laboratwa Wadsworth Eta New York te kòmanse evalye nouvo tès antikò

Gouvènè a anonse twa nouvo sit pou ajoute 695 kabann lopital nan kapasite Eta a; Eta a pral kòmanse itilize kèk etablisman sèlman pou pasyan ki gen COVID-19

Aprè demann Gouvènè a, Gouvènman federal la te apwouve kat sit anplis pou lopital tanporè

Yo prevewa ke premye lopital tanporè ki gen 1,000 kabann lan nan Sant Konvansyon Jacob K. Javits la ap ouvri lendi

70 òganizasyon san bi likratif nan tout Eta a pral resevwa 7.5 milyon dola kòm fon sipò fonksyonman pou bay asistans teknik ak ti biznis nan pandemi COVID-19 la

Konfime 7,681 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki mete total nan tout Eta a nan 52,318; nouvo ka nan 44 Konte

Nan mitan pandemi COVID-19 aktyèl la, Gouvènè Andrew M. Cuomo ap pibliye yon dekrè egzekitif pou ranvwaye eleksyon primè prezidansyèl la soti 28 avril pou 23 jen, sa ki amonize li avèk primè lejislatif ak pou kongrè a nan New York.

Gouvènè Cuomo te pibliye tou yon dekrè egzekitif pou pèmèt ke yo repouse delè pou fè deklarasyon taks yo pou taks pèsonèl ak konpayi yo pou 15 jiyè. Gouvènman federal la te pran mezi menm jan an nan kòmansman mwa sa a.

Gouvènè a te anonse tou ke Laboratwa Wadsworth Depatman Sante (Department of Health Wadsworth Lab) Eta a ap travay an patenarya avèk lòt laboratwa yo pou evalye tès antikò ke yo konsevwa pou ede pasyan COVID-19 ki trè malad yo.

Gouvènè a te anonse tou twa nouvo sit - Sant Sikyatrik South Beach (South Beach Psychiatric Center) nan Staten Island, Westchester Square nan Bronx ak Health Alliance nan Konte Ulster - pou sèvi kòm yon kote pou kabann ijans yo. Twa nouvo sit yo pral ajoute 695 kabann nan kapasite Eta a. Anplis de sa, nan yon nouvo apwòch, Eta

a pral kòmanse dezinye kèk fasilite sèlman pou pasyan COVID-19 yo. Eta a te idantifye twa sit - Etablisman Sant Sikyatirk South Beach nan Staten Island, Westchester Square nan Bronx ak SUNY Downstate nan Brooklyn - ki pral bay plis pase 600 kabann espesyalman pou pasyan COVID-19 yo.

Aprè yon konvèsyon li avèk Prezidan Trump maten an, Gouvènè Cuomo te anonse tou ke gouvènman federal la te apwouve kat nouvo sit pou lopital tanporè ke Kò Enjenyèr Lane (Army Corps of Engineers) a ap konstwi - Brooklyn Cruise Terminal, sant Aqueduct Racetrack nan Queens, CUNY Staten Island ak New York Expo Center nan Bronx - sa ap ajoute 4,000 kabann anplis nan kapasite Eta a. Gouvènè a te vizite tou kat sit yè. Sit lopital tanporè sa yo fè pati objektif Gouvènè a pou gen yon etablisman ki resevwa plis pase 1,000 pasyan nan chak minisipalite Vil New York ansanm ak konte Westchester, Rockland, Nassau ak Suffolk.

"Chak sityasyon ijans inik, men règ nimewo en an se toujou planifye davans epi se pou ou pwoaktif — epi sa se egzakteman sa nou ap eseye fè", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Misyon nou se pou nou prepare epi pou nou genyen ekipman, founiti, etablisman ki apwopriye yo lè sityasyon an atenn somè a. Nou ap kontinye fè avanse mezi ijans ki redwi dansite yo plis posib, epi nan sans sa a nou pral retade eleksyon primè prezidansyèl la jiska jen paske li pa saj pou mete gwo foul moun nan yon sèl kote pou vote."

Gouvènè a te anonse tou ke yo prevwa premye lopital tanporè ki gen 1,000 kabann lan nan Sant Konvansyon Jacob K. Javits la ap ouvri lendi. Yo te konstwi sit lopital tanporè a nan yon semèn.

Gouvènè a te anonse tou ke Konsèy Direktè Empire State Development (Empire State Development Board of Directors) te apwouve 7.5 milyon dola nan sipò Konsèy pou Biznis akòz COVID-19 la pou 70 patenè san bi likratif nan tout Eta New York. Finansman an pral pèmèt òganizasyon sa yo bay ti biznis yo konsèy nesese pou sekirize asistans pou katastwòf, tankou Prè Domaj Ekonomik akòz Katastwòf pou Administrasyon Ti Biznis (Small Business Administration Economic Injury Disaster Loans), nan mitan pandemi COVID-19 la. Jiska 24 [Sant Asistans pou Antreprenarya \(Entrepreneurship Assistance Centers\)](#) epi jiska 23 [Sant Devlopman Ti Biznis \(Small Business Development Centers\)](#) pral resevwa 5 milyon dola, avèk 2.5 milyon dola anplis ke yo akòde ak jiska 23 [Enstitisyon Finansye pou Devlopman Kominotè \(Community Development Financial Institutions\)](#).

Finalman, Gouvènè a te konfime 7,681 ka nouvo kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 52,318 ka konfime nan Eta New York. Nan total 52 318 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	195	8
Allegany	2	0
Broome	23	5
Cattaraugus	1	1
Cayuga	2	0

Chautauqua	5	4
Chemung	12	1
Chenango	8	4
Clinton	12	1
Columbia	22	2
Cortland	5	1
Delaware	8	0
Dutchess	262	37
Erie	318	99
Essex	4	0
Franklin	4	2
Fulton	1	0
Genesee	7	1
Greene	7	1
Hamilton	2	0
Herkimer	9	0
Jefferson	6	3
Livingston	5	2
Madison	19	2
Monroe	192	32
Montgomery	5	0
Nassau	5537	880
Niagara	33	10
NYC	29766	4368
Oneida	23	10
Onondaga	129	14
Ontario	16	2
Orange	1101	190
Orleans	3	0
Oswego	7	3
Otsego	7	2
Putnam	131	20
Rensselaer	38	3
Rockland	1896	439
Saratoga	96	14
Schenectady	72	6
Schoharie	5	2
Schuyler	1	1

St. Lawrence	8	5
Steuben	13	1
Suffolk	4138	753
Sullivan	72	8
Tioga	4	2
Tompkins	45	19
Ulster	128	29
Warren	13	5
Washington	6	0
Wayne	12	1
Westchester	7875	688
Wyoming	7	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)